

## INSERT SCHOOL LETTERHEAD

### LÈT AVI POU PARAN/RESPONSAB

Chè paran oswa responsab:

VIH (HIV) ak SIDA (AIDS) fè pati pwoblèm sante ki pi grav Ameriken ap andire. Kounye a pwogrè lamedsin pèmèt moun ki gen HIV viv lontan, men poko gen tretman pou li toujou. Edikasyon sante jwe yon wòl enpòtan nan ede elèv aprann fè bon chwa epi pwoteje tèt yo ak lòt moun.

Depatman Edikasyon Eta Nouyòk (NYSED) ak Depatman Edikasyon Vil Nouyòk (NYCDOE) mande pou anseye tout elèv ki nan klas Kindergarten rive 12yèm ane kou edikasyon sou HIV chak ane, kòm yon pati nan edikasyon sante global. Ane sa a, pitit ou a ap gen chans pou aprann nan yon nouvo kourikoulòm, ki rele Grandi epi rete ansante (*Growing Up and Staying Safe*), ki presi onivo medikal, enklizif, apwopriye pou laj, epi yo devlope l an patenarya avèk ekspè nasyonal, lidè kominote lokal, paran/moun k ap bay swen ak edikatè.

Nan klas primè yo, elèv aprann kijan pou rete ansante ak evite pran maladi, devlope valè pwòp tèt yo ak respè pou lòt yo, ankouraje jantiyès ak senpati, epi kominike avèk adilt yo fè konfyans. Tanpri byen gade apèsi pou nivo klas yo ki vini avèk lèt sa a pou aprann plis sou leson yo.

Nou respekte wòl ou kòm paran/responsab pou anseye pitit ou bon jan konpòtman ki ansante ki mache avèk kwayans ak valè fanmi w. N ap ankouraje w pou chita pale avèk pitit ou a sou sa y ap aprann nan salklas epi pataje kwayans ou ak valè w avèk li.

Paran, responsab ak lekòl pataje menm objektif la: nou vle pou elèv tout laj ansante nan tout aspè lavi yo. Nou ankouraje w pou pale avèk pwofesè pitit ou a, kowòdonatè paran an oswa mwenmenm si w ta renmen gen plis enfòmasyon sou kourikoulòm lan. Si w gen nenpòt kesyon, tanpri rele m nan INSERT PHONE NUMBER.

Avèk senserite,

INSERT PRINCIPAL NAME

Direktris/Direktè